Pou Piblikasyon Imedya: 11/7/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO ARÈ OTOBIZ "LIVING HISTORY", LOCK E-13 NAN MOHAWK VALLEY

Etablisman an Fè Inisyativ "Path Through History (Chemen Atravè Listwa)" a epi li Atire Atansyon sou Valley Mohawk kòm yon Gwo Destinasyon Touristik

Karakteristik Nouvo Magazen Taste NY ki Ofri Pwodui ki Fabrike Lokalman yo pou Fè Pwomosyon Sektè Agrikòl la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti ofisyèl Arè Otobis Living History Lock E-13 Sou Otowout Eta New York la nan Mohawk. Yo te anonse arè otobis anvan nan ane 2015 lan, apre evènman "Capital for a Day (Kapital pou yon Jounen)" rejyon an atravè Mohawk Valley e ki reprezante koneksyon fizik ant Kanal Erie ak Otowout la – de atè transpò ki te ede konstwi Anpi Eta a. Nouvèl etablisman an montre enfòmasyon sou istwa destinasyon touristik nan Mohawk Valley e li enkli yon nouvo magazen Taste NY ki konekte Moun New York yo ak vizitè ki menm jan yo ak manje premye klas pwodiktè manje ak bwason yo.

Gouvènè Cuomo te di: "Anplis bote natirèl san parèy li a, koridò Kanal Erie a se yon pati ki vital nan istwa New York e li rete yon kondiktè nan ekonomi aktyèl nou an." "Arè otobis E-13 la se yon egzanp briyan kolaborasyon nou te ankouraje ant Otorite Otowout la ak Antrepriz Kanal la, e ak yon nouvo gou magazen Taste NY, li pwal pataje istwa rich rejyon an ak dè milyon touris ki vizite Eta New York chak ane."

Sitiye nan youn nan seksyon ki pi panoramique nan Kanal Erie ak Rivyè Mohawk sou Otowout Eta New York (I-90) la, direksyon lwès nan poto kilometrik 187 ant sòti 28 (Fultonville) ak sòti 29 (Canajoharie), Arè otobis "Living History" Lock E-13 a ankouraje Moun New York ak vizitè yo eksplore vwa navigab Eta a atravè inisyativ Path Through History (Chemen Atravè Listwa) Gouvènè Cuomo a. Arè otobis la enkli prèv ki reflete enpòtans enfrastrikti transpò nan kwasans Eta New York la.

Magazen Taste NY la fè pwomosyon pwodui mondyal eta a ki soti anviwon kay 30 pwodiktè ki baze nan New York epi ranfòse agwo-touris nan rejyon an. Anpil nan pwodiktè yo soti nan Mohawk Valley ki gen yon eritaj agrikilti ki rich e ki jwe yon wol enpòtan nan istwa Kanal Erie a. Vizitè yo ap jwenn yon gran chwa manje ak bwason ki enkli te, yogout, fwomaj, manba ak janbon ki varye ansanm ak atik swen menaje ak swen pèsonèl tankou krèm, savon pou men ak vizaj ak balèn. Magazen an prezante atik pou bèt tou. Pou w jwenn yon lis konplè patisipan Taste NY yo prezante nan magazen an, klike la.

Senatè George Amedore te di, "Mohawk Valley a te jwe yon wòl inik ak entegral nan istwa Eta

New York. Ak ouvèti arè otobis living history nan Lock E-13 la, vizitè ak rezidan yo ap genyen yon opòtinite ki adekwa pou aprann plis sou istwa rich rejyon an, savoure bèl peyizaj Kanal ak Rivyè, ak echantiyon bon pwodwi lokal la."

Nouvo magazen an ap ouvri sou yon baz sezonye e se Liberty, Branch Konte Montgomery NYSARC, Inc. nan, yon òganizasyon ki pa pou fè pwofi, nan tout eta a k ap sèvi moun ki andikape yo, k ap dirije l. Nan kad yon ekstansyon pwogram fòmasyon Fresh Market Liberty a, magazen sa ap ede kliyan NYSARC yo genyen konpetans travay ak eksperyans travay. Anplis yo ofri pwodwi Taste NY nan Lock E-13 yo nan anviwon kat douzèn lokal, ki enkli arè otobis ak plaza nan tout otowout New York ak nan kafe Taste NY, nan stand konsesyon ak nan bar atravè Eta yo.

Prezidan Otorite Otowout la ak Konpayi Kanal la, Joanne M. Mahoney te di: "Pwojè sa reflete kooperasyon ki te manifeste ant Otorite Otowout la ak Sosyete Kanal la. Otowout la ak Kanal la ensite aktivite ekonomik eta a ni sou plan komèsyal ni sou plan rekreyatif chak ane, e nouvo sit sa ap bay yon kote pou touris ak Moun New York yo aprann sou istwa eta a. Mèsi Gouvènè Cuomo pou devouman kontini ou nan ede eta New York la reyalize potansyèl konplè li."

Direktè Ekzekitiv Pa Enterim Otorite Otowout la, Bill Finch, te di, "Otowout la ak Kanal yo pase nan paralèl atravè anpi vil New York e li te fasilite deplasman ak tourism eta a pandan plizyè deseni. Antanke de vwa transpò vital nan eta nou an, nouvo arè otobis la ap benefisye ekonomi Eta New York la epi l ap ankouraje touris nan rejyon an. Arè otobis Istwa Vivan Lock E-13 sou Otowout la ap ouvri koneksyon ant wout la ak wout vwa navigab la pou otomobilis yo ka fè eksperyans majik Kanal Erie san efò."

Direktè Konpayi Kanal la, Brian U. Stratton te di: "Sistèm Kanal New York la atire vizitè ki soti tout kote nan lemond, e ouvèti premye Arè Otobis Living History a nan Otowout Lock E-13 la ap aji kòm yon lòt fason pou vizitè yo edike tèt yo sou pi gwo kontribisyon Kanal la nan komès ak touris nan eta New York. Mwen tèlman kontan pou travay di ak planifikasyon ki te antre nan pwojè sa a, e mwen enpasyan pou m temwanye an premye sou valè Arè Otobis Living History sa pote nan Kanal la nan Mohawk Valley.

PDG & Delege Empire State Development, Howard Zemsky, te di: "Depi kòmansman 19yèm syèk la, kanal ak wout New York yo te jwe yon wol entegral nan koneksyon pol sektè yo e ekonomi rejyonal nou an kontinye devlope gras ak sipò enkondisyonèl Gouvènè Cuomo nan enfrastrikti eta a. Jòdi a, nou envite vwayajè yo retounen nan tan pase a lè yo vizite Arè Otobis Living History Lock E-13 la pou eksperimante youn nan 13 sijè inisyativ "Path Through History (Chemen Atravè Listwa), Kanal ak Transpò" a. Pandan n ap selebre pase a, nou kontan pou travay avèk patnè ajans eta yo pou kontinye ouvri wout pou gen kwasans ekonomik pou jenerasyon kap vini yo."

Delege Agrikòl Eta a, Richard A. Ball, te di, "Chak nouvo lokal Taste NY benefisye de travay di pwodiktè manje ak bwason New York yo e n ap ede sektè agrikòl la vanse pi devan, lè n konekte yo ak nouvo mache yo. Gouvènè Cuomo te lanse inisyativ la avèk objektif sa nan tèt li, e kounye a, mwen pi ankouraje pa imans siksè pwogram nan, plis pase twa ane anvan. Lokal Lock

E-13 la, kreye yon gran sinèji ant sektè touris ak agrikòl yo an patikilye, lè l fè pwomosyon meyè pwodwi lokal rejyon yo ansanm ak istra ak atraksyon touristik rich rejyon an. Mwen kontan pou ajoute plis lokal Taste NY~~y~~ epi konstwi nouvo patenarya nan pa two lontan."

Kad Konte Montgomery, Matt Ossenfort, te di: "Sant vizitè sa ki sitiye nan kè Konte Montgomery a ap ankouraje vizitè yo epi mete aksan sou istwa rich nou an antanke yon kanal kominotè, ki sèvi anplis kòm yon pol pou enfòmasyon ki gen rapò ak touris ak enfòmasyon rekreyatif. Mwen aplodi Gouvènè a, Otorite Otowout la ak Sosyete Kanal la paske yo travay ak Konte Montgomery pou rann arè otobis "Living History" a yon reyalite, pandan n ap selebre pase nou epi trase avni nou lè l ranfòse touris ak patnè lokal. Mwen trè kontan pou anons ke Liberty Fresh Market la pral sèvi lokalite sa, paske l ap genyen san dout yon efè pozitif sou agrikilti lokal nou an tou.

PDG Liberty ARC la, Jennifer Saunders, te di: "Ekspansyon Liberty Fresh Market la nan espas reyinyon Taste NY la se yon opòtinite kwasans inik pou sipò Liberty ARC endividyèl yo. Nou an mezi pou ofri divès chwa travay nan yon anviwonman konpetitif ki toujou pou de moun ki gen defisyans entelektyèl ak fizik. Lè l ouvri pòt pou nouvo opòtinite travay, tankou sa yo, li enpòtan pou popilasyon nou sipòte a. Patenarya ak inisyativ Taste NY Gouvènè a, Ministè Agrikilti ak Mache Eta New York ak Otorite Otowout NYS ak Konpayi Kanal la kontribye nan kwasans pwogram fòmasyon pou travay tankou Liberty Fresh Market la."

Enfòmasyon sou Path Through History
Lanse pa Gouvènè Cuomo nan ane 2012, inisyativ Path Through History a prezante 13 sijè nan istwa Eta New York ki enkli Ar ak Kilti, Kanal ak Transpò, Dwa Sivil, Istwa Kolonyal, Imigrasyon, Inovasyon, Amerendyen, Istwa Natirèl, Gè Revolisonè, Istwa Espò Ameriken. Prezidan Ameriken yo, Lagè 1812 ak dwa fanm yo. Ale sou paththroughhistory.iloveny.com pou planifye pwochen sejou ou nan youn nan 11 rejyon vakans divèsifye New York yo. Vizite sit historik ak kitirèl ki enpòtan yo, moniman ak mize yo, dekouvri evènman kiltirèl k ap fèt pandan tout ane a, epi eksperimante istwa rich premye klas nan eta a.

Enfòmasyon sou Taste NY
Taste NY se yon inisyativ ke Gouvènè Cuomo te lanse nan 2013 pou fè pwomosyon endistri manje ak bwason New York. Minis Agrikilti ak Mache sipèvizè a l e li te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo montre pwodui yo nan gwo aktivite piblik, tankou Gwo Fwa Eta New York la. Pwogram nan te ouvè tou pou magazen yo nan estasyon Otowout yo nan eta ak nan sant transpò ki pèmèt vwayajè yo achte pwodui ki fèt epi ki pouse nan Eta New York. Apeprè 1,100 konpayi lokal te patisipe nan opòtinite sa yo, ki lye pwodwi yo plis ak mache manje ak bwason k ap grandi yo nan eta a, ak konsomatè toupatou nan mond lan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Taste NY, ale nan sitwèb www.taste.ny.gov. Konekte ak Taste NY sou Facebook, Twitter, Instagram ak Pinterest.

Enfòmasyon sou Liberty
Liberty, Branch Konte Montgomery NYSARC, Inc., te fonde nan ane 1957 pa paran timoun ki gen defisyans entelektyèl ki te vle etabli pwogram edikasyon espesyal nan kominote lokal la. Pandan 59 ane ki pase yo, òganizasyon an te grandi pou l vin antre sipò pwofesyonèl,

rezidansyèl, jounalye, familyal ak sèvis ki gen rapò ak sante k ap sipòte anviwon 550 moun ki andikape nan Konte Montgomery.

###

Gen lòt nouvèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York ~~State~~ | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418